Интеллектуалон хъазт
« Ахуыры фæндæгтыл» 8 кълæстæн.

Хъазты архайдтой 4 командæйы: «Æртхурон», « Иры фидæн», «Къостайы фæдонтæ» æмæ « Нæртон».
Алы командæ дæр дзуры йæ командæйы ном æмæ девиз.
Хъазт арæзт у аст конкурсæй. Алы раст дзуаппæн дæр дæттынц 1 балл. Фылдæр баллтæ цы командæмæ уа, уый фæуæлахиз уыдзæн.

1 конкурс. Нарты кадджыты дунейы.

1. Нарты кадджыты ацы хъайтарæн йа уадындзы зæлты ис хурон тых, уый хæссы рухс æмæ цин, уый фæрцы æрцæуы уалдзæг, сног вæййынц æрдз æмæ дуне. Гъе уымæн æй хонынц адæм «Нарты Бонвæрнон, Нарты рухс хур» .

Цымæ чи у Нарты ацы хъайтар?
Дзуапп: Ацæмæз.

2. Нарты ацы хъайтартæй иу равзæрд дурæй, инна та зынгæй. Чи сты ацы хъайтартæ?

Дзуапп: Дурæй равзæрд Сослан, зынгæй райгуырд Батрадз.

3. Куыд хуыйны Нарты алæмæты къус?

Дзуапп: Уацамонгæ.

4. Раздæр ацы цæугæдон хуынди Идыл.Ныр та куыд хуыйны?

Дзуапп: Волга

5. Абайты Васо куыд фыссы, уымæ гæсгæ ацы дыууæ предметы сты Нарты царды символтæ. Са иу амоны- æхсары нысан, ома хъæбатырдзинады нысан, иннæ та- аивады нысан. Цы сты ацы 2 предметы?

Дзуапп: кард ама фæндыр.

6. Куыд хуынди Уырызмæджы таурæгъон бæх?

Дзуапп: Æрфæн

7. Куыд хуынди Хуры чызг?

Дзуапп: Хорческæ.

8.Нарты Батрадзы усы ном та куыд хуынди?

Дзуапп: Акула - рæсугъд.

2 конкурс. Куыд зонут Къостайы?

1. Къостайы мад куыд хуынди? **(Маро, Мария)**
2. Къостайы йæ сабийы бонты чи схаста? **(Чендзе)**
3. Къостайы фыд цы куыстгæнæг уыди? **(уыдис паддзахы офицер**)

4. Къоста Стъараполы гимназы фæстæ кæм ахуыр кодта? **(Бетъырбухы аивæдты академийы)**
5. Цал хатты хаст уыдис Къоста Ирыстонæй? **(2 хатты: Хъæрæсейы, Херсоны)**
6. Цавæр æмдзæвгæ ныффыста Къоста Бетъырбухæй куы ссыдис, уæд? **(« Ракæс»)**
7. Зæгъут-ма,Стъараполы гимназы Къостайы нывкæнынады ахуыргæнæг чи уыди? **(Смирнов**)
8. Кæм ныгæд ис Къоста? **(Иры аргъуаны кæрты)**
9. « Весь мир – мой храм, Любовь - Моя святыня, Вселенная- Отечество мое» . Ацы ныхæстæ бакæсæн ис Къостайы райгуырæн хъæу Нары. Гъе, фæлæ цымæ кæм фыст сты? **(Хидыл)**

Ныхасы бар жюрийæн.

3 конкурс. Грамматикæйы быдыры. «Хæццæ- мæццæ дамгъæтæй сараз дзырд» .

Алы командæйæн дæр лæвæрд цæуынц карточкæтæ хæццæ- мæццæ дамгъæтæй дзырдтæ. Уыцы дзырдты æмбæхст сты цæрæгойты нæмттæ. Аивут сын сæ дамгъæтæ афтæ, цæмæй дзы рауайой цæрæгойты нæмттæ æвдисæг дзырдтæ.

1 командæйæн – **урсва, схътæру**	рувас	тархъус
2 командæйæн – **гæхрæ, дзкыу**	хæрæг	куыдз
3 командæйæн - **рæзыгъаг, хбæ**	зыгъарæг	бæх
4 командæйæн - **бызаб, ыдгæ**	бабыз	гæды

4 конкурс. Логикон дзырдуатон хъазт. Фæйнæгыл фыст ис 4 дзырды, 2 ирон дзырды æмæ 2 уырыссаг дзырды.

1-аг къорды- æнæзæрдæмæдзæугæ æмæ **оборонспособность;**
2-аг къорды - сасир, потрубили.

- Læмбынæг- ма бакæсут 1-аг къорды дзырдтæм æмæ 2-аг къорды дзырдтæм . Зæгъут, цы дзы ис диссагæй, æмæ цы уæ бон у зæгъын ацы дзырдтæм кæсгæйæ? Кæсæм уал 1-аг къордмæ.

Дзуапп: 1-аг къорды 1 дзырды мидæг ис 7 læмæгъ хъæлæсоны(æ) ,

2-аг къорды дзырдтæй та иугай дамгъæтæ куы æппарæм, уæд нæм рауайдзæн ног дзырдтæ**. Сасир- асир- сир-ир; потрубили- отрубили- трубили- рубили- убили- или- ли**

Ныхасы бар жюрийæн.

5 конкурс «Эрудит». Логикон хъуыдыкæнынад рæзынæн фæрстытæ.

1. Цаваер дзырды хай ссаræн ис зæххы ?

Дзуапп: Уидаг.

2.Цаваер дзырд аræзт у 3 уæнгæй, æвдисы 43 дамгъæйы? Ræстæг.

Дзуапп: Алфавит

3.Ранымайут фондз боны кæрæдзи фæдыл , сæ нымæц æмæ сын къуырийы боны ном нæ дзургæйæ.

Дзуапп: Æндæрæбон, знон, абон, райсом, иннæбон.

4. Иу зæронд læджы бафарстой, зæгъгæ, дыл цал азы цæуы. Уый сын дзуапп радта, мæныл, дам, цæуы сæдæ азы æмæ цалдæр мæйы. Фæлæ мын гуырæнбонтæ уыди фондз æмæ ссæдз хаты, ома (25 хатты) . Цымæ цæмæн афтæ? Ræстæг.

Дзуапп: Райгуырдис 29 февралы

5. Йæ Фыдыбæстæ чи уарзы, уый куыд схонæн ис?

Дзуапп: (патриот)

6. 2 адæймаджы ныхас куыд хуыйны?

Дзуапп: Диалог.

7.Дзургæ адæмон сфæлдыстад æндæр дзырдтæй у?

Дзуапп: Фольклор

8.Цымæ æппæт æвзæгтыл дæр чи дзуры, уый цы у?

Дзуапп: Ныййазæлд, ныццарауд (эхо)

6 конкурс. **Дæсны дзырдаразæг**. Læвæрд уын цæуы дзырд **марходарæг** . Сымах хъуамæ уыцы дзырдæй саразат ног дзырдтæ. Командæтæй чи цал дзырды сараза, уал баллы райсдзæн.

Марг, хор,дар,рог,хæр,хо,род,мад,ард,мард,хæрам,гæрах,хæраг,ам,рад,
хæрд, аræг, дарæг,марæг,аг,ад,арм,мах,
Ныхасы бар жюрийæн.

7 конкурс. Дамгъæуаты хæдзары. Læвæрд уын цæуынц алфавиты рæнхъæвæрдмæ гæсгæ нымæцтæ,саразут дзы дзырдтæ.

1командæ- 1,3,1,13,14 (абази)

2 командæ- 1 ,3, 1, 20,1 (абана)

3 командæ- 17, 21,25,26,1.(Къоста)

4 командæ- 3,1,3, 39,13 (бабыз)

8 конкурс капитантæн. Бамбарын кæн дзырды нысаниуæг.

1.Зилахар Нарты адæмы хъазæн фæз

2. Къæсса цармæй хуыд голлаг

3.Къалати кълеткæ цъиуæн, уисæй кæнæ æфсæйнагæй быд

4. Хъуылæг царвцæгъдæн хъæдæй конд мигæнæн

Ныхасы бар жюрийы уæнгтæн.